

Konsèy Jistis Anviwònmantal

Reyinyon #26

Jedi 11 Jwen, 2026, 6:30 pm

Lokal an Pèsòn: Amherst, MA

Hitchcock Center for the Environment

845 West St, Amherst MA 01002



Lojistik ak Ajanda yo

Konsèy Jistis Anviwonman an

Reyinyon #26 • 11 Jwen, 2026 • 6:30 pm



LOJISTIK YO

- ➔ Nou ofri sèvis entèpretasyon nan lang sa yo: Español, Kreyòl Ayisyen, 普通话, Português, Tiếng Việt, ak Lang an Siy Ameriken (ASL)
 - To participate in English, click the “Interpretation” icon and select English.
 - Para entrar no canal em português, clique no ícone “Interpretation” e selecione “Portuguese”
 - Si alguien desea interpretación en español, haga clic en “Interpretation” y seleccione “Spanish”
 - Pa partisipa na Kriolu, klika na íkone "Intirpretason" y silisyon "Cape Verdean Creole"
 - Pou rantr nan chanèl kreyòl ayisyen an, klike sou ikòn “Interpretation” an epi chwazi “Haitian Creole”
 - 要以普通话参加会议，请单击口语图标并选择 “Chinese”.
 - Để vào kênh bằng tiếng Việt, hãy nhấp vào biểu tượng “Interpretation” và chọn “Vietnamese”.

- ➔ Tanpri pale dousman.
- ➔ Tout patisipan yo dwe seleksyone yon lang nan chanèl la, menm si w ap gade prezantasyon an nan lang Anglè.



- ➔ Si w ta renmen yon vèsyon nan tradiksyon paj sa yo, tanpri ale sou sit wèb EJC a nan : <https://www.mass.gov/service-details/environmental-justice-council-ejc-meetings>

REYINYON SA A ANREJISTRE



Ajanda

- **Revizyon jeneral sou reyinyon, lojistik ak ajanda**
- **Apèl pou prezans ak Apwobasyon minit dènnye Reyinyon EJC**
- **Kòmantè Piblik la**
- **Lòd Egzekitif sou Pwovizyon Enèji yo**
- **Microgrids (Mikwo-rezo)**
- **Kòmantè Piblik la (si gen lè toujou)**
- **Pwochen Etap yo**
- **Nou Fini/Ranvwaye**



Apwobasyon Minit Reyinyon 9 Avril, 2026, Minit Reyinyon yo & Apèl pou Prezans : Manm Konsèy EJ yo

- Madeline Fraser Cook
- Melissa Harding-Ferretti
- Cheryll Holley
- Caroline Hon
- Lydia Lowe
- Marcos Luna
- Peter Maathey
- María Belén Power
- Sofia Owen
- Jen Salinetti
- Patricia Spence
- Miles Gresham
- Harleen Marwah
- Paula Garcia

Kòmantè Piblik yo ak Kesyon yo

Tanpri limite chak kòmantè a de (2) minit pou bay lòt moun tan pou yo pale

Lòd Egzekitif sou Pwovizyon Enèji



Commonwealth of Massachusetts


Executive Office of
Energy and Environmental Affairs

Dekrè Egzekitif 654

June 11, 2026



nan 10 Ane epi Ekonomize 10 Milya Dola





Estrateji Dekrè Egzekitif la

- Akizisyon ak Pwogram k ap Mennen Kounye a
 - Akizisyon plizyè eta (Van sou tè; Enèji pwòp)
 - Akizisyon depo enèji
- Lòt aksyon pou ajoute 10 GW nan 10 ane:
 - Elaji deplwaman enèji solè
 - Mete resous bò demann yo an valè
 - Ogmante depo enèji
 - Mete plis kapasite van an sèvis
 - Enèji nikleyè avanse ak enèji fizyon
 - Elaji sous ak sistèm jewotèm al yo
 - Akselere koneksyon ak rezo a, evite depans, epi bati rezilyans
 - Asire fyab sistèm gaz ak elektrisite yo epi diminye bòdwo yo

Microgrids (mikwo-rezo)



Commonwealth of Massachusetts

Executive Office of
Energy and Environmental Affairs

Mikworezo Elektrik ak Rezilyans Enèji Kominotè

11 Jen 2026



EO No. 654: Pou Sekirize Avni Eneji Massachusetts le yo Etabli yon Plan Pwovizyonman Enèji ki Ankouraje Aksesibilite Finansye ak Fyab

Biwo Jistis Anviwònmantal ak Ekite nan EEA pral:

- Devlope modèl pou elaji sant rezilyans enèji kominotè yo, ki gen ladan men ki pa limite ak resous ak kad pou deplwaye mikworezo kominotè yo. Modèl sa yo dwe devlope an kowòdinasyon ak DOER, pwogram Municipal Vulnerability Preparedness la, ak Massachusetts Clean Energy Center, enkòpore lesou yo aprann nan pwogram Green Communities ak Municipal Vulnerability Preparedness yo, epi chèche ak enkli opinyon kominote yo

Dimansyon Travay la:

- Nan yon kontèks kote risk klimatik yo ap ogmante, mikworezo yo pa sèlman enfrastrikti enèji — yo se enfrastrikti rezilyans enèji kominotè.
- Modèl ak zouti ki pral soti nan sa a pral sipòte minisipalite yo, òganizasyon kominotè yo, ajans leta yo, ak operatè enstalasyon kritik yo nan planifikasyon, finansman, ak aplikasyon enfrastrikti rezilyans enèji ki santre sou kominote yo, ki gen ladan mikworezo ki sèvi sèvis esansyèl ki pou piblik la ak sa ki posede prive.

Definisyon EAll sou Mikworezo

- **“Enstalasyon kritik”** yon enstalasyon, bilding, estrikti, oswa lòt enfrastrikti ki sitiye nan commonwealth la, kote pèt sèvis elektrik la kapab mete sekirite piblik, sante piblik oswa sante pasyan, oswa sekirite sibè an danje, jan minisipalite kote bilding, estrikti, enstalasyon, oswa lòt enfrastrikti a ye a detèmine li, oswa jan gouvènman minisipal, leta, oswa federal ki posede oswa kontwole pwopriyete a, bilding lan, estrikti a, enstalasyon an, oswa lòt enfrastrikti a detèmine li; avèk kondisyon ke yon enstalasyon kritik dwe gen ladan, men pa limite a, lopital, sant swen asistans,abri dijans, sant operasyon dijans, zòn preparasyon pou restorasyon sèvis, sant distribisyon apèl 911, estasyon ponpye ak lapolis, enfrastrikti kominikasyon, estasyon ponpaj dlo ak tretman dlo egou, ak etablisman koreksyonèl.
- **“Mikworezo elektrik”** yon ansanm chaj elektrik ak sous pwovizyon elektrisite ki konekte youn ak lòt epi ki kapab fonksyone swa an paralèl ak yon rezo distribisyon elektrik oswa kòm yon sistèm izole ki dekonekte ak yon rezo distribisyon elektrik.
- **“Mikworezo gouvènmantal oswa enstalasyon kritik”** yon mikworezo elektrik ki fèt ak konstwi pou sèvi (i) bilding, enfrastrikti ak kliyan ki sitiye sou yon pwopriyete gouvènmàn an posede oswa kontwole, (ii) yon enstalasyon kritik, oswa (iii) nenpòt konbinezon ladan yo..

Mikworezo an Pratik

Mòd Paralèl	Mòd Izole
Konekte ak sèvis piblik prensipal la	Dekonekte / Otonòm
Vòltaj - Rezo sèvis piblik la fikse li	Vòltaj - Kontwolè lokal mikworezo yo fikse li
Objektif - Optimize depans ak komès enèji	Objektif - Rezilyans ak alimantasyon ijans
Enèji - Sèvis piblik + resous lokal yo	Enèji - Resous lokal yo sèlman (solè, BESS, elatriye)

- **Fonksyonman Mikworezo pandan Pàn Elektrik yo:**
 - **Kondisyon syèl ble** - (Anvan evènman an) Tout bagay ap mache trè byen. An paralèl ak rezo a. Ap voye, estoke, resevwa, epi achte elektrisite.
 - **Kondisyon syèl gri** - Entèripsyon rezo a, mikworezo a detekte pwoblèm nan epi li chanje mòd pou dekonecte san danje ak rezo a.
 - **Kondisyon syèl nwa** - Mikworezo a antre nan mòd izole; elektrisite pwodui epi itilize sou plas, selon konfigirasyon sistèm nan (fonksyon esansyèl yo konsève kont tout fonksyon yo konsève).
 - **Kondisyon syèl ble** - (Aprè evènman an) Mikworezo a rekonekte san danje ak rezo rejyonal la epi li kòmanse voye, estoke ak resevwa elektrisite ankò.

Rapò ak Pwogram Fondamantal

- **Previous Workshops**
 - [2014 Boston Microgrid Workshops](#)
 - [2015 MassCEC Microgrid Controller Symposium](#)
 - [2016 Community Microgrids: Opportunities and the Role of Municipalities \(MAPC\)](#)
- **Dokimantasyon ki Egziste**
 - [2014 MassCEC Microgrid Study](#)
 - [2016 MassCEC/City of Boston Community Energy/Microgrid Study](#)
 - [2018 MassCEC Community Microgrid Feasibility Studies](#)
 - [2020 Enabling Microgrids in Massachusetts](#)
- **Pwogram Sibvansyon yo:**
 - [2017 –MassCEC Community Microgrid Grant Program](#)
 - [2020 – 2022: MassCEC Clean Energy and Resilience \(CLEAR\) Program](#)
 - [2017 – 2026: MassCEC/DOER Advancing Commonwealth Energy Storage \(ACES\)](#)
 - [2024 – Kounye a: Grants for Enhancing MA Grid Resilience and Reliability \(40101d funding\)](#)
 - [2026: DOER Advancing Massachusetts Power Program](#)
 - [2023 – 2026: MVP Action Grants](#)
 - 2026 Green Communities

Defi pou Deplwaman Mikworezo yo

- **Baryè Regilasyon ak Sèvis Piblik yo**
 - Kontwòl sèvis piblik yo sou dwa pasaj limite mikworezo ki sèvi plizyè enstalasyon
 - Obligasyon sèvis piblik yo pou sèvi enstalasyon ki nan yon zòn mikworezo yon twazyèm pati
- **Entèkoneksyon ak Konpleksite Teknik**
 - Delè entèkoneksyon ki long
 - Pa gen chemen aplikasyon ki estandadize
- **Kontrent Ekonomik ak Teknolojik**
 - Pri depo enèji ak enfrastrikti yo rete twò wo
 - DER aktyèl yo gen yon dire limite nan mòd izole
 - Mank dokimantasyon sou ekonomi aktyèl pwojè mikworezo yo
- **Defisi nan Reyalizasyon Pwojè ak Kapasite**
 - Finansman ak resous limite pou asistans teknik
 - Delè ki long yo ka lakòz fatig nan lidèchip pwojè a
 - Mank mekanis finansman dirab ak modèl finansman pou deplwaman an

Enterè Kominote ak Minisipalite yo nan Mikworezo

Opòtinite pou enstalasyon kritik yo diminye enpak deranjan pann elektrisite yo. Mikworezo ki reyisi nan bay kominote yo rezilyans ta dwe devlope an kolaborasyon ak kominote a pou idantifye enfrastrikti kritik yo.

- Egzanp yo ka enkli:
 - Lopital
 - Lekòl
 - Estasyon Lapolis, Katye Jeneral Ponpye, Town Hall
 - Abri Dijans
 - Sant Sante, Sant Kominotè
- Ekonomize lajan pandan yon peryòd restriksyon bidjè minisipal:
 - Ekonomize enèji, espesyalman pandan peryòd pik yo
 - Vann elektrisite ki anplis
 - Previzibilite enèji
 - Rediksyon chay enèji yo
- Bay aksè a elektrisite sekou pwòp ak renouvlab
- Mete an aplikasyon aksyon ki satisfè tou de objektif rezilyans ak dekarbonizasyon yo.

Angajman Jiska Jounen Jodi a

- Community Climate Advisory Council 4/2
- EJ Community Engagement and Outreach Working Group 4/14
- Clean Energy Equity Coalition 4/22
- **Kòmantè:**
 - Anpil antite, soti nan anplwaye minisipal yo rive nan òganizasyon EJ yo ak RPA yo, nan diferan zòn ki soti Pittsfield rive Chelsea, te travay sou mikworezo yo avèk diferan nivo siksè.
 - Moun ki pa t travay dirèkteman sou yon pwojè te fè remake ke mikworezo yo souvan parèt kòm yon pwojè yo ta renmen genyen.
 - Tout moun ta renmen wè plis klarifikasyon sou fason pou avanse ak mikworezo yo epi pou baryè yo rezoud.
 - Gen yon enterè renouvle nan langaj lejislatif ki gen rapò ak mikworezo yo.

Opòtinite Angajman k ap Vini yo

- **Entèvyou ak Moun ki Konsène yo**

Kisa Massachusetts ta bezwen pou sipòte yon enfrastrikti rezilyans enèji ki ekitab, ki kapab elaji, epi ki santre sou kominote a? Reyinyon ak sèvis piblik yo, CBO yo, ak responsab minisipal yo pou konprann diferan pèspektiv yo.

- **Atelye Mwatye Jounen - Jiyè 2026**

Itilize etid ka sou rezilyans enèji kominotè ak pwojè mikworezo yo pou devlope yon konpreyansyon pataje epi idantifye leson ki kapab transfere pou Massachusetts.

- **Vizit Sit - Ete 2026**

Fè vizit sit vize pou pi byen konprann modèl enfrastrikti rezilyans ki egzanplè oswa ki bay bon leson, sitou kote enfòmasyon sou operasyon oswa itilizasyon kominotè yo pa ka byen jwenn atravè entèvyou yo. Sa ranfòse tou enterè leta a pou avanse enfrastrikti rezilyans enèji ki baze sou kominote yo.

- **Sondaj sou Enterè**

Kesyon?

Kesyon pou Manm Konsèy EJ yo ak Patisipan Reyinyon yo

1. Èske ou konnen nenpòt pwojè ki te konsidere mikworezo yo?
2. Kijan yon mikworezo ta ka ranfòse rezilyans enèji nan kominote ou a?
3. Èske gen enstalasyon kritik ke yon mikworezo ta ka sipòte nan kominote ou a?

Anèks

Mikworezo Operasyonèl nan Massachusetts

- **Sterling (2017):** 2 MW/3.9 MWh BESS + 3 MW Solè (Premye BESS nan MA ki opere nan echèl sèvis piblik).
- **UMass Amherst:** 16 MW CHP + 7 MW Solè + 3 MW BESS (Pi gwo sistèm kanpis la; amelyorasyon rezo entelijan an 2026).
- **Chelsea (Aktif):** Mikworezo “Vityèl” ki baze sou cloud (Premye modèl jistis anviwònmantal ki dirije pa yon katye).
- **Wakefield (an pwosesis):** Solè, 5 MW BESS, jeneratè gaz 2.5 MW (Mikworezo nan 2 lekòl segondè ki pral bay elektrisite sekou ak rediksyon pik chaj).
- **Paxton (2024):** 3 MW/9 MWh BESS (Konsantre sou ekonomi pou moun ki peye sèvis yo / rediksyon pik chaj).
- **Longwood/MATEP (1985):** 9 MW CHP (Rezilyans yon distri medikal kritik; youn nan pi ansyen yo Ozetazini)

Kòmantè Piblik yo ak Kesyon yo

Tanpri limite chak kòmantè a de (2) minit pou bay lòt moun tan pou yo pale



WHAT'S
NEXT?

Pwochen Etap yo & Nou Fini/Ranvwaye

Dat Pwoche Reyinyon an:

- 13 Out

Enfòmasyon sou EJC ak reyinyon
yo disponib nan

[https://www.mass.gov/orgs/en
vironmental-justice-council-ejc](https://www.mass.gov/orgs/environmental-justice-council-ejc)